Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON DIREKTÈ KOMINIKASYON DANI LEVER KONSÈNAN PWOGRAM VWAYAJÈ RESPONSAB NEW YORK LA

Direktè Kominikasyon Dani Lever te bay deklarasyon ki vini apre a konsènan rankont pwochen Gouvènè Cuomo ak Prezidan Trump:

Gouvènè a ap rankontre Prezidan Trump demen apre midi pou diskite sou aksyon federal pou bloke New York nan Pwogram Vwayaj ak Konfyans lan (Trusted Travel Program, TTP). Men fè ki enpòtan yo:

- Mèkredi pase Sekretè Enterimè Depatman Sekirite Enteryè a (Department of Homeland Security, DHS) te deklare sou Fox News ke yo t ap bloke New York pou pa itilize Pwogram Antre Mondyal yo (Global Entry Programs). Nan fèmti biwo jounen sa, Eta New York te resevwa yon lèt ki di ke yo ta bloke pwogram TTP New York la paske yo pa t ap bay aksè nan baz done DMV a.

- Jedi pase, Gouvènè a te pale ak Sekretè a e li te di ke DHS te gen tan genyen tout enfòmasyon sou antesedan kriminèl Eta New York yo pa FBI e, byenke ke li sipèfli epi initil, DMV ta ka bay done presizeman pou dosye kandida ki enskri nan TTP yo. DHS te rejte òf la.

- Lendi pase sa, Depatman Jistis la te anonse divès mezi kont diferan eta ki otorize chofè ki san papye. Pi ta nan jounen sa, enstitisyon enfòmasyon BuzzFeed te enprime yon memo ki soti nan DHS ki site diferan fason pou "pini" eta ki otorize chofè ki san papye yo.

Gouvènè a kwè ke, pliske se DHS ki jere pwogram TTP a ak yon entèvyou sou plas ak yon pwosesis verifikasyon andesedan federal konplè, baz done eta a pa gen rapò ak sijè a e demand DHS la pa nesesè. Antouka, DHS te deklare ke Eta ki ka bay done DMV pou dosye kandida TTP yo ka reponn a bezwen gouvènmantal yo. Lè n mete tout lojik gouvènmantal rasyonèl sou kote, blokaj TTP a klèman motive sou plan politik, se yon abi pouvwa gouvènmantal, epi li ilegal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU